

KONEKSYON

Yon bilten enfòmasyon pou Paran Lekòl Leta Miami-Dade County

OKTÒB 2017

VOLIM 9, NIMEWO 36

SA KI LADAN:

- Konsèy sou Sekirite pou 'Halloween'
- Sitwayènte Dijital
- Sezon "Flu" (Grip)

KITTY HAWK FÈ ANIMASYON SOU SÈN AVÈK SYANS



KALANDRIYE LEKÒL LA REVIZE AKOZ SIKLÒN IRMA

Akoz efè Siklòn Irma yo, M-DCPS te oblige anile sèt jou lekòl mwa dènye. Menm avèk pèt sèt jou enstriksyonèl yo, Distri a depase minimòm lè enstriksyonèl eta a mande pou patisipe nan "Florida Education Finance Program (FEFP)" (Pwogram Finansman Edikasyon nan Florid). Sepandan, pèt tan enstriksyonèl la te fè enpak sou aprantisaj elèv e konsa, li te nesesè pou nou remèt tan enstriksyonèl enpòtan sa a bay elèv ak pwofesè. Nou



konvèti senk (5) dat an jou lekòl regilye nan Kalandriye Lekòl Elementè ak Segondè

a. Gade kalandriye revize a nan:
<http://www.dadeschools.net/calendars/>.

DAT AK ENFÒMASYON ENPÒTAN

- 10 novanm – Obsèvans Fèt Ansyen Sòlda (Veterans Day)
- 22 novanm – Jounen pou Pwofesè Fè Planifikasyon
- 23 novanm – Obsèvans Jou Remèsiman (Thanksgiving)
- 24 novanm – Jou Konje

REYINYON KOMISYON KONSEY LEKÒL

14

NOVANM

10:00 dimaten
Reyinyon
Òganizasyonèl

15

NOVANM

11:00 dimaten
Reyinyon Regilye

6

DESANM

11:00 dimaten
Reyinyon Regilye

iATTEND" (MWEN ALE)
NAN M-DCPS



**Prezans
enpòtan nan
M-DCPS.**

Pa gen okenn faktè ki pi enpòtan pou yon elèv fè pwogrè lekòl pase prezans lekòl ki regilye e ponkyèl.

Nou espere pou elèv prezan lekòl chak jou regilyèman; ale nan klas ki pwogram yo; rive lekòl e nan klas alè; e demontre konpòtman ki apwopriye ansanm ak dispozisyon pou aprann.

Paran/gadyen responsab pou prezans pitit yo nan lekòl jan lalwa mande sa e nou ankouraje yo souliyen enpòtans prezans lekòl ki regilye e ponkyèl avèk pitit yo.

KONSÈY POU YON BON HALLOWEEN AN SEKIRITE

HALLOWEEN SAFETY

Halloween is one of the most anticipated nights of the year for kids, but Safe Kids' research* shows some scary statistics on Halloween safety.

Only
1/3 OF PARENTS

talk to their kids annually about Halloween, although 3/4 report having Halloween safety fears.



On average,
TWICE AS MANY CHILD PEDESTRIANS

are killed while walking on Halloween compared to other days of the year.



Only
18%

of parents use reflective tape on their children's Halloween costumes.

12%

of children five years of age or younger are permitted to trick-or-treat alone.



Talk with your goblins about Halloween safety, and how simple precautions can make it a fun and safe night for kids of all ages. For additional safety tips, please visit SafeKids.org/Halloween

Children under 12 should trick-or-treat and
CROSS STREETS WITH AN ADULT



ALWAYS WALK ON SIDEWALKS OR PATHS

if there are no sidewalks, walk facing traffic as far to the side as possible.

Cross the street at corners, **USING TRAFFIC SIGNALS**

and crosswalks. Parents should remind children to watch for cars that are turning or backing up.

DRIVERS SHOULD SLOW DOWN

and be especially alert in residential neighborhoods. Children are excited on Halloween and may move in unpredictable ways.

SAFE KIDS
WORLDWIDE®

FedEx cares.

*Mickalide, AD, Rosenthal, KM, Donahue, MP. Halloween Safety: A National Survey of Parents' Knowledge, Attitudes, and Behaviors. Washington (DC): Safe Kids Worldwide; October 2011.

Halloween prèske rive e anpil timoun ap soti nan nuit pou trick-or-treat. Gen anpil prekosyon paran ka pran pou asire pitit yo amize yo nan yon bon Halloween ki gen sekirite, e ki gen kè kontan.
• Fè atansyon lè n ap

- travèse lari
- Pa itilize aparèy elektwonik
- Dekore degizman pitit ou avèk riban ki klere
- Antre e soti nan koulwa yo dousman e avèk prekosyon
- Pran yon ti goute ki

- apetisan avan nou trick-or-treat.
- Bay pitit ou lòt chwa ki nourisan pou yo pa manje sirèt.

Pou plis konsèy, vizite:
<http://www.safekids.org/halloween>

Elèv nou yo ap viv nan yon mond ki trè konekte, yo pase anpil tan ap kominike avèk fanmi e zanmi atravè medya sosyal e nan fè travay lekòl/devwa nan yon anviwònman ki gen Entènèt. Menmsi yo lakay oubyen nan lekòl, elèv nou yo bezwen konnen kijan pou yo rete an sekirite, kijan pou yo sèvi avèk teknoloji yon fason ki apwopriye e pou yo aji yon fason ki responsab lè y ap sèvi avèk Entènèt oubyen medya sosyal. Yo bezwen vin sitwayen dijital e ka navigate nan mond dijital la yon fason ki gen sekirite ak etik.

Anba a se yon lyen ki gen yon feyè enfòmasyon avèk konsèy sou fason pou w pwoteje repitasyon pitit ou sou Entènèt. Nou espere w ap revize bon konsèy sa yo lakay ou ak pitit ou. http://digital.dadeschools.net/pdfs/Social_Tips_Creole.pdf

SITWAYÈNTE DIJITAL NAN M-DCPS



MÈSI DÈSKE W SIPÒTE BON OBLIGASYON JENERAL LA!



GENERAL OBLIGATION BOND

MIAMI-DADE COUNTY PUBLIC SCHOOLS

BUILDING
SCHOOLS,
STRENGTHENING
COMMUNITIES,
CREATING
OPPORTUNITIES.

www.gobprogress.com




Nan dat 6 novanm 2012, votè yo te pase yon Bon Obligasyon Jeneral 1.2 milya dola pou modènize e transfòme lekòl leta nan Miami-Dade County. Nou kontinye ap envesti fon yo nan avni timoun nou yo pou n modènize etablisman lekòl yo, mete plis teknoloji, amelyore pwoteksyon ak sekirite, e bati nouvo lekòl nan kominote ki ap devlope yo. Depi bon an kòmanse, pwojè yo toujou fini alè e yo anndan bidjè a. Mèsi, rezidan Miami-Dade County, dèske nou asire n pitit nou ap gen lekòl dènye kri pou yo aprann. Pou plis detay, vizite <http://www.gobprogress.com/>.

#MDCPSLIVESUNITED



M-DCPS fè patenarya avèk United Way nan Miami-Dade depi 1974. Anplwaye ak elèv nou yo kontribye plis pase \$25 milyon e yo antèt nan kanpay ki ap fèt nan sistèm lekòl nan tout peyi a. Chèche #MDCPSLivesUnited sou medya sosyal pou n wè kantite fason M-DCPS ap ede Miami-Dade vin yon kominote ki pi fò, gen plis sekirite, e gen pi bon lasante.



www.dadeschools.net

MEDYA SOSYAL



@MDCPS
@MiamiSup



MiamiSchools
AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools
@MiamiSup



MiamiSchools

Rete konekte avèk Lekòl Leta Miami-Dade County. Asire w ou suiv nou sou medya sosyal yo pou dènye nouvèl ak enfòmasyon konsènan distri lekòl la. #MDCPSConnects

Komisyón Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Doktè Lawrence S. Feldman, Chèmann
Doktè Marta Pérez, Vis Chèmann
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall
Susie V. Castillo
Doktè Steve Gallon III
Perla Tabares Hantman
Doktè Martin Karp

Lubby Navarro
Mari Tere Rojas
Alberto M. Carvalho
Sipètentandan Lekòl yo

Bryce Febres
Konseye Elèv nan Komisyón Konsèy
Lekòl la

SEZON FLU



'Healthy Schools LLC' ak M-DCPS ap ofri vaksen flu GRATIS pou elèv, kòmanse 13 novanm – 12 desamn 2017. Silvouplè kontakte lekòl pitit ou a pou konnen dat ak lè y ap bay vaksen yo. Paran/gadyen yo dwe ranpli e siyen yon fòm konsantman e remèt li nan lekòl la pou elèv la ka elijib pou resevwa vaksen flu a. Paran yo ka ranpli fòm konsantman an sou Entènèt tou atravè pòtal paran an.

KONSÈY SOU ENTÈNÈT POU PARAN:

Premyèman: Egzèsis
Enpòtan

Dezyèmman: Ankouraje
Aprantisaj nan Kay la

Pou plis resous, vizite
<https://www.engagemiamidade.net/>

Se Biwo Kominikasyon ki Pwodui Bilten sa a

Daisy Gonzalez-Diego
Ofisiye Anchèf Kominikasyon